# Усы жылдың 3-март сәнесинде пайтахтымыз Нөкис қаласындағы Жас тамашагөйлер театрында “Абат ҳәм кәўипсиз мәҳәлле" көрик-танлаўының Карақалпақстан Республикасы басқышы жеңимпазларын сыйлықлаў мәресими болып өтти

Таңлаў Өзбекстан Республикасы Президентиниң 2020-жыл 18-февральдағы ПФ-5938-санлы Пәрманында белгиленген ўазыйпалардың орынланыўын тәмийинлеў, мәҳәллелерде "Абат ҳәм қәўипсиз мәҳәлле" принципине тийкарланған жаңа системаны кеңнен ен жайдырыўда пидәкер мийнет еткен ҳәм жоқары нәтийжелерге ерискен пуқаралар жыйыны хызметкерлери, профилактика инспекторлары ҳәм басқа да мәмлекетлик уйымлары, пуқаралық жәмийети институты ўәкиллери мийнетин мүнәсип баҳалаў, сондай-ақ, пукаралардың өзин-өзи басқарыў уйымларының тийисли шөлкемлер менен биргеликте әмелге асырып атырған үлгили ис тәжрийбелерин республика көлеминде үгит-нәсиятлаў мақсетинде шөлкемлестирилген.

Image not found or type unknown

Таңлаўда Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңеси баслығының орынбасары, Мәҳәлле ҳәм шаңаракты қоллап-қуўатлаў министри С. Турманов ҳәм министр орынбасарлары катнасты.

Image not found or type unknown

Таңлаў Мәҳәлле ҳәм шаңарақты қоллап-қуўатлаў министрлиги, Ишки ислер, Ден-саўлықты саклаў, Бәнтлик ҳәм мийнет қатнасыклары, Дене тәрбия ҳәм спорт, Үй-

жай коммунал хызмет көрсетиў министликлери, Экология ҳәм қоршаған орталықты қорғаў мәмлекетлик комитети, Жаслар агентлиги, Кәсиплик аўқамлар Федерациясы Кеңеси, Руўхый-ағартыўшылық орайы ҳәмде Хабар агентилиги менен биргеликте өткерилди.

Image not found or type unknown

Image not found or type unknown

Көрик-таңлаўдың қала ҳәм район басқышында Республика бойынша жәми 416 пуқаралар жыйынлары арасында жеңимпаз болған улыўма 25 номинация ҳәмде 1-2-3-орынларды жеңип алған пуқаралар жыйынлары қатнасып диплом естелик саўғалары менен сыйлықланды.